

Gad Volontè - Si w pa kapab jere byen w men yo konsidere w tankou yon moun ki kapab sou plan mantal, tribinal la pral deziye yon titè pou ede w jere zafè w yo. Se yon bagay ou deside ak volonte w; ou kapab chanje lide lè w retounen nan tribinal la pita.

Gad Tanporè Annijans - Si w sanble w an danje epi yo doute sou kapasite w pou w pran desizyon nan tribinal la, jij la kapab deziye yon titè tanporè annijans pou ou. Kalite gad sa a ap espire 90 jou apre yo fin deziye yon titè.

Gad Limite - Si tribinal la jwenn ou pa kapab travay sèlman nan kèk domèn espesyal, li kapab deziye yon titè pou ede w nan domèn sa yo.

Gad Konplè - Si tribinal la jwenn ou kapab pran desizyon ditou pou tèt ou, li pral transfere tout dwa legal ou yo—ki konsène w ak byen w lan—bay yon titè.



Pwen Enpòtan pou Sonje

- Etidye opsyon ki gen mwens restriksyon yo anvan.
- Fè rechèch oswa chèche konsèy jiridik anvan w pran nenpòt desizyon ki enplike dwa w yo.
- Anvan w chwazi yon moun pou pran desizyon pou ou, asire w li se yon moun ou fè konfyans e li vle ede w.
- Oumenm ak reprezantan legal ou an ta dwe kenbe kopi papye ki nonmen reprezantan legal ou an.

Ale sou sit yo pou jwen plis enfòmasyon

floridalawhelp.org
floridabar.org
fddc.org

OPSYON SOU PRAN DESIZYON YO

Egzamine fason moun ki andikape yo kapab jwenn èd pou yo pran desizyon yo



Ajans pou Moun Andikape
4030 Esplanade Way, Suite 380
Tallahassee, Florida 32399-0950
1-866-APD-CARES (1-866-273-2273)
850-488-4257
apdcares.org

Ki dwa ou genyen?

Dwa legal ou yo fè w kapab, selon lalwa, pran desizyon ki kapab afekte kalite lavi w. Men kèk egzanp dwa ou genyen:

- Dwa pou w chwazi kote pou w viv
- Dwa pou w jere lajan w ak byen w
- Dwa pou w dakò pou resevwa tretman medikal oswa tretman pou dan
- Dwa pou w aplike pou avantaj gouvènman an bay yo
- Dwa pou w chwazi aktivite sosyal ou yo
- Dwa pou w siyen kontra yo
- Dwa pou w marye
- Dwa pou w jwenn travay

Si w ap chèche oswa w ap resevwa sèvis nan men Ajans pou Moun Andikape (APD) oswa lòt ajans gouvènman yo, ou pral gen pou w pran desizyon epi ou ka santi w bezwen kèk èd. Bwochi sa a ba w enfòmasyon sou fason pou w jwenn èd pou w kapab pran desizyon; emen, se pa konsèy jiridik li bay. Si nenpòt nan opsyon sa yo sanble kapab itil ou, ou ka fè rechèch epi pale avèk yon avoka.

Defans Kliyan - Si w bezwen oryantasyon epi w ta renmen ede nan pran desizyon ki konsène sèvis w ap resevwa nan men APD yo, ou ka deziye yon moun pou defann ou. Ou pral toujou pran pwòp desizyon w yo. Yon avoka kliyan pa kapab pran yo pou ou, ni li pa kapab jwenn aksè ak enfòmasyon sekrè w yo san pèmisyon w.

Gad

Gad la se yon opsyon ki la pou moun ki bezwen èd pou pran desizyon yo. Li mande pou tribunal la pran de (2) mezi: yon desizyon sou kapasite w pou w pran desizyon ak transfere kèk nan dwa w yo oswa tout dwa w yo bay titè a.

Kalite Gad

Avoka Titè - Selon lalwa Florida, kalite gad sa a pa mande pou yon jij deklare w pa kapab travay. Li transfere dwa ki nesesè pou pran swen w yo oswa li transfere byen w bay yon lòt moun—avoka titè w la. Yo souvan konsidere sa tankou gad ki gen mwens restriksyon, ki mwen chè epi yo pi pito pou moun ki gen andikap devlòpmantal yo.

Opsyon pou Pran Desizyon

• Pran Pwòp Desizyon W

Se opsyon pou pran desizyon ki gen mwens restriksyon epi yo itilize pi souvan. APD kapab bay degre èd ki diferan selon sa w vle ak sa w gen bezwen yo.

• Sèvis Bankè

Genyen plizyè fason ou kapab jere lajan w pou santi w an sekirite nan operasyon labank ou yo. Fason sa yo se bay yon moun manda ki kapab reprezante mèt kont lan ofisyèlman, kreye yon kont bankè konjwen avèk de (2) oswa plis moun, oswa etabli yon sistèm depo dirèk.

• Manda (POA) ak Manda Dirab (DPOA)

Ou kapab fè yon manda pou w bay yon lòt granmoun pouvwa legal pou l aji ak pran desizyon sou kèk dosye ki espesyal pou ou. Yon manda "dirab" si li di aklè li pral rete an vigè menm si ou paka travay annapre. Nenpòt granmoun ki konpetan sou plan mantal ki gen yon andikap ki kapab bay yon konsantman eklere kapab bay moun li chwazi an yon manda dirab.

• Benefisyè Reprezantan

Si w pa kapab jere pwòp lajan w, Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) pèmèt ou nonmen yon moun oswa yon ajans k ap resevwa oswa jere avantaj federal ou yo. Ou dwe enfòme SSA epi ranpli papye ki nesesè yo pou w etabli sèvis sa a.

• Enstriksyon Davans

Yon enstriksyon davans dokimante ki jan w vle pou yo jere dwa w genyen pou jwenn swen sante ak kiyès ou vle pou egzèse dwa medikal ou yo lè w kapab pran desizyon sa yo. Li kapab gen ladan I

enstriksyon sou pwosedi pou pwolonje lavi w, ak espresyon espirityèl, pèsonèl oswa emosyonèl yo. Yon deziyasyon ranplasan swen sante nonmen yon lòt moun pou pran desizyon ki gen pou wè ak swen sante pou ou, aplike pou avantaj publik yo ak jwenn aksè ak dosye medikal yo.

• Pwokirasyon Medikal

Nan yon sitiyasyon kote ou pa kapab epi ou bezwen èd pou w pran desizyon medikal e ou pa t etabli yon enstriksyon davans oswa yon manda medikal, yon mandatè

medikal se yon opsyon. Lalwa Florida fè lis òd priyore moun ki kapab pran desizyon medikal yo pou ou.

• Fideyikomi

Se yon aranjman legal kote fidisyè a jere byen ak/oswa lajan pou moun ki benefisyè fideyikomi an. Yon fideyikomi pou moun andikape pèmèt yon benefisyè ki andikape kenbe byen l yo epi pou l pa riske pèdi kalifikasyon l pou kèk pwogram gouvènman yo.